

Rapèl: Tanpri, Soumèt Pake Renouvèlman Medicaid Ou

Chè [recipient name]:

Nap ekri w paske nou pat resevwa pake renouvèlman Medicaid ou. Li enpòtan anpil pou w revwa avi renouvèlman Medicaid jòn ou an, epi korije nenpòt enfòmasyon ki demode, siyen l epi voye l tounen ba nou.

Si w resevwa yon avi ki di Dokiman Adisyonèl Nou Egzije, avi a ap di w ki dokiman ou dwe bay Depatman Sèvis Sosyal Rhode Island (RI DHS). Tanpri, pa bliye voye kopi dokiman sa yo tounen ansanm ak fòmilè renouvèlman Medicaid jòn nan ki tou siyen.

Nou dwe resevwa pake renouvèlman Medicaid ke w ranpli a disi [date inserted by system]. Si w pa voye l, ou ka pèdi kouvèti w la. Gen twa fason pou ba nou pake renouvèlman w lan ke w ranpli:

- Konekte w nan kont ou nan www.healthyrhode.ri.gov. Ou pral wè avi renouvèlman w lan nan kont ou a. Ou ka telechaje nenpòt dokiman nou reklame epi siyen fòmilè a elektwonikman.
- Ale nan Sant pou Eskànè Dokiman nan RI DHS la ki nan 1 Reservoir Ave. nan Providence. Sant pou Eskànè Dokiman (Scan Center) a louvri de 8:30 a.m. a 4 p.m., de lendi jiska vandredi (eksepte jou konje yo). Pote dokiman w yo pou manm pèsonel nou yo ka eskànè yo nan sistèm nou an.
- Poste fòmilè renouvèlman w lan ak siyati w ladann avèk dokiman yo mande w yo (voye fotokopi dokiman yo epi kenbe orijinal yo pou dosye w). Voye yo nan adrès sa a: P.O. Box 8709, Cranston, Rhode Island 02920-8787.

Yon fwa w soumèt enfòmasyon w, nou pral voye yon avi pou n di w mèsi. Sa vle di nou resevwa enfòmasyon w yo e n ap egzamine yo.

Tanpri, ranpli epi soumèt pake renouvèlman Medicaid ou a. [date inserted by system]. Si w gen difikilte pou ranpli l oswa pou voye enfòmasyon w lan, ou ka mande èd nan men:

- **Konpayi asirans ou a:** Rele nimewo telefòn ki sou do kat asirans ou an. Ou ka gen yon kat ki soti nan:
 - Neighborhood Health Plan of Rhode Island
 - Tufts Health Plan (RITogether)
 - UnitedHealthcare Community Plan (UHCCP)

- **HealthSource RI (HSRI):** Rele HSRI de 8 a.m. jiska 6 p.m. jou lasemèn yo nan 1-855-840-4774.
- **RI DHS:** Kontakte DHS nan 1-855-697-4347.

Si w vle pale ak yon moun anpèsòn, gen moun nan kominote w la ki ka ede w. Ou ka pale ak yon gid oswa ak yon konseye ki sètifye pou ede ak pwosesis aplikasyon an. Rele HealthSource RI nan 1-855-840-4774 oswa rele liy United Way 2-1-1 pou ka jwenn yon moun ki ede w anpèsòn bò kote w rete a. Epitou w ka chèche yon gid bò kote w rete a nan www.healthyrhode.ri.gov.

Pa bliye, si nou pa resevwa pake renouvèlman Medicaid ou, ou ka pèdi kouvèti asirans sante w la. Li enpòtan pou voye pake w la disa **[date inserted by system]**. Si w pa voye pake renouvèlman w lan anvan dat limit pou voye l la, ou ka pa gen pwoteksyon asirans pandan peryòd pwosesis revizyon nou an.

Pou ka gen plis enfòmasyon sou renouvèlman Medicaid ak kijan w ka jwenn èd, ale nan www.staycovered.ri.gov.